**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI` XALI`Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`JINIYaZ ATINDAG`I` NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALI`Q INSTITUTI`**

**QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI`**

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati` fakul`tetinin` 3 $^{b}$ kurs

talabasi` Ayti'mbetova Nargizani`n`

„Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. Sintaksis" pa`ninen

# K U R S J U M I` S I`

Tema: T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» (3-KITABI) TRILOGIYASINDAG`I DIZBEKLI QOSPA GA`PLER

Ilimiy basshi`: doc.Seydullaeva D.

**NO`KIS - 2015**

**Jobası:**

Kirisiw.  Dizbekli qospa ga`p haqqında tu`sinik

a) Ko`p predikatli jay ga`pler menen qospa ga`plerdin` bir-birinen ayirmashilig`i

I. T.Qayipbergenovtin` «qaraqalpaq da`stani» (3-kitabi) trilogiyasindag`i dizbekli qospa ga`pler

1.1. Biriktiriwshi dizbekli qospa ga`p

1.2. Qarsılas dizbekli qospa ga`p

1.3. Salıstırmalı dizbekli qospa ga`p

1.4. Awıspalı dizbekli qospa ga`p

1.5. Gezekles dizbekli qospa ga`p

1.6. Ayırıw dizbekli qospa ga`p

1.7. Dizbekli qospa ga`plerdin` ashıq ha`m jabıq du`zilisli tu`rleri

1.8. Ashıq du`zilisli dizbekli qospa ga`p

1.9. Jabıq du`zilisli dizbekli qospa ga`p

II. Jiynalg`an misallar

Juwmaq

Paydalanılg`an a`debiyatlar

## KIRISIW

## DIZBEKLI QOSPA GA`P HAQQINDA TU`SINIK

Qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` bir-birine g`a`rezsiz, o`z-ara ten` ma`nili baylanısqan tu`rine dizbekli qospa ga`p delinedi. Dizbekli qospa ga`ptin` jay ga`pleri dizbeklewshi da`nekerler ha`m da`nekerlik xızmettegi sintaksislik janapaylar arqalı baylanısadı. Bul grammatikalıq qurallar arqalı baylanısqan qospa ga`ptin` quramında jay ga`pler ma`nilik jaqtan o`z-ara bir-birine jaqın bolg`an is-ha`reket, waqıyalardı bildiredi. Eger dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` arasında bir-birine baylanısla ma`nilik qatnas an`latılmasa, onday ga`pler bir pu`tin dizbekli qospa ga`p bola almaydı. Mısalı: Jumıs pitti de, xızmetkerler u`yine qayttı. Shayıqtın` bul ga`pi mag`an unamadı, biraq u`ndemedim. Ton`lar ga` jibisti, ga` jet beti qatqalaq bolıp qatıp qaldı.

Bul qospa ga`pler ma`nilik jaqtan bir-birine baylanıslı is-ha`reket, waqıyalardı bildiredi. Olardın` da`slepkisinin` jay ga`plerinin` is-ha`reket, waqıyaları ma`nilik jaqtan is-ha`rekettin` bir waqıtta islengenligin, ekinshisinin` is-ha`reket, waqıyaları qarama-qarsılıqtı, u`shinshi jay ga`plerdin` is-ha`reket, u`aqıyaların isleniwi gezekleslik baylanıslardı an`latadı.

Dizbekli qospa ga`plerdin` o`zine ta`n o`zgesheligi olar qospa ga`ptin` basqa tu`rlerinen (bag`ının`qılı ha`m da`nekersiz qospa ga`plerden) quramındag`ı jay ga`plerdi baylanıstırıwshı qurallardın` qatnasına qaray ayrılıp turadı. Sonlıqtan dizbekli qospa ga`plerdin` o`zine ta`n ayırmashılıg`ın anıqlawda baslı belgi (kriteriya) retinde onın` jay ga`plerinin` baylanısıw usıllarına karaladı. Dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdi tiykarg`ı baylanıstırıwshı qural xızmetin olardın` jay ga`plerinin` birna`wie pikir tıyanaqlılıg`ına iye bolıwı, dizbeklewshi da`nekerler, da`nekerlik xızmettegi sintaksislik janapaylar ha`m solar menen birge qollanılatug`ın intonatsiya atqaradı. Mısalı: 1. Qolına orag`ı menen arqanın uslag`an Du`ysen otıng`a ketti de, bizler qapshıg`ımızdı arqalap awılg`a qaray ju`rip kettik. 2. Qırman da kewip

qaldı, paxtanın` japırag`ı da tu`sirildi. 3. Qatınlardın` shawqım shıg`arg`ısı kelip edi, biraq Edige og`an jol qoymadı.

Bul dizbekli qospa ga`plerdin` jay ga`plerinin` bir na`wie pikir tıyanaqlılıg`ı, dizbekli danekerler arqalı baylanısıwı, solar menen birge qollanılatug`ın intonatsiyası joqarı talapqa juwap beredi. Birinshi qospa ga`pte ha`r birj ay ga`ptegi tıyanaqlı baslawısh penen qatar, eki jay ga`ptin` arasın de da`nekeri ha`m intonatsiya baylanıstırıp kelgen. Ekinshi qospa gapte da`nekerlik xızmettegi da janapayı ha`r bir jay ga`pte ta`kirarlanıp, sanau intonatsiyası arkalı baylanıstırg`an. Sonday-aq, u`shinshi qospa ga`pte biraq da`nekeri ekinshi jay ga`ptin` aldında kelip, birinshi jay ga`pten qarsılaslıq ma`nidegi intonatsiyası arqalı bo`linip aytıladı ha`m is-ha`rekettin` isleniwinin` tamamlang`anın bildiredi, yag`nıy du`zilislik jaqtan dizbekli qospa ga`ptin` jabıq qatarın du`zedi.

- ✓ **Biriktiriwshi dizbekli qospa ga`p.** Dizbekli qospa ga`ptin` bul tu`ri *da/de (ta/te), ha`m, ja`ne, tag`ı, tag`ı da, al* sıyaqlı biriktiriwshi da`nekerler arkalı baylanısadı. Biriktirwshi da`nekerler arqalı baylanısqan dizbekli kospa gaplerdin` komponentleri ma`nilik jaktan is-ha`reket, waqıyaları bir waqıtlı ha`m izbe-iz islengen waqıtlıq (mezgilleslik) qatnaslardı bildiredi. Dizbekli qospa ga`ptin bull tu`rin du`ziwshi da`nekerler ma`nileri bir-birine jaqın bolg`an menen, jay ga`plerdi bir pu`tin qospa gapke biriktiriude ha`r qaysısının` o`zine tan ma`ni ha`m qollanılıw o`zgeshelikleri bar.
- ✓ **Qarsılas dizbekli qospa ga`p.** Qospa gaptin` jay ga`plerinin` *birak, lekin, sonda da, solay da, so`ytse de, degen menen, al* da`nekerleri ha`m *tek, kalay da, a`tten`, bolmasa* t.bet sıyaqlı daneker ha`m da`nekerlik xızmettegi so`zler arqalı baylanısqan tu`rleri qarsılas dizbekli qospa ga`pti du`zedi. Bul da`nekerler eki komponetli bolıp, tiykarınan, jabıq du`zilisli bolıp keledi.
- ✓ **Salıstırmalı dizbekli qospa ga`p.** Dizbekli qospa ga`ptin` bul tu`rin *al* da`nekeri arqalı baylanısqan jay ga`plerdin dizbegi du`zedi.

*Al* da`nekeri arqalı baylanıskan dizbekli qospa ga`p salıstırmalı ma`ni bildirip kelgende, olardın jay ga`plerinen an`lasılgan is-ha`reket, waqıyalar o`z-ara salıstırıladı. Bul jag`dayda dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler

mazmunı jag`ınan bir-biri menen antonimlik sıpatqa iye boladı: Ata-anası jarlı qusaydı, al kelin bala miynet su`ygish, kishi peyil qız eken. Adam o`miri waqıt saatı menen bilinse, al waqtımız saat tili menen belgilenedi (T.Qayıpbergenov).

*Al* da`nekerli salıstırmalı dizbekli qospa gaptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyaları o`z-ara bir-birine jay salıstırılıp ta keledi: Biz paxta beremiz, al hu`kimet bolsa bizge aksha tawar, mashina sıyaqlı kerek-jaragımızdı berip turadı (I.Yusupov). Iri qarjılardın` o`simi 1981-1985-jıllardag`ı 125 milliard manattan usı bes jıllıqta 170 milliard manatqa shekem ko`beyedi, al son` olardın mug`darı trillion manatka derlik jetedi. Jetinshi bes jıllıqta milliy doxod 32 protsent artan bolsa, al segizinshi bes jıllıqta ol 41 protsent ko`beyedi (gazetadan).

✓ **Awıspalı dizbekli qospa ga`p.** Bul ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler *ya, yaki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, ne a`lle* t.bet awıspalı da`nekerler arqalı baylanısıp, dizbekli qospa ga`pti du`zedi. Bul da`nekerler arqalı baylanıskan dizbekli kospa ga`ptin` jay ga`plerinin` is-ha`reket, waqıyaları birinde bolmasa ekinshisinde iske asatug`ın awıspalılıqtı bildiredi.

✓ **Gezekles dizbekli qospa ga`p.** Bul qospa ga`ptin` jay ga`plerin, tiykarınan, *birese, birde, bazda, ga`, ga`hi, ga`de, geyde* t.bet gezekles da`nekerleri baylanıstıradı. Bul da`nekerlerdin` qatnasındag`ı dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyaları o`z-ara gezlesip islengenlikti bildiredi. Gezekleslik a`ni bildiriwshi da`nekerlerde dizbekli qospa ga`ptin` komponentleri arasında, ko`binese ta`kirarlanıp qollanıp, kospa ga`ptin` ashıq du`zilisin du`zedi.

✓ **Ayırıw dizbekli qospa ga`p.** Bul qospa ga`p da`nekerlik xızmettegi *ha`tte, ha`tteki* ko`mekshi so`zleri arqalı du`ziledi. Bul ko`mekshi so`zleri arkalı baylanısqan dizbekli qospa ga`ptin` da`slepki jay ga`pinen son`g`ı ga`p ayırımlanıp, bo`liniw, shekleniwshilik ma`ni an`latadı. Mısalı: Xojamurat ha`m, Xojanha`m biledi, ha`tteki Inkar da an`g`arg`an bolıwı kerek (X.Seytov). Gu`lziyba ulının qay waqıtta da a`kesi jo`ninde shınlıqtı biletug`ınına isenedi,

ha`tteki ol er jetip, o`mirdin` bardı-keldisine tu`sinetug`ın bolg`an gezde sır bu`kpey shının aytıw o`zinin` tiykarg`ı makseti (T.Qayıpbergenov).

Dizbekli qospa ga`pler eki, u`sh ha`m onnan da ko`p jay ga`plerdin` sintaksislik baylanısınan du`zilip, eki komponentli ha`m ko`p komponentli bolıp qollanıladı. Eki komponentli ha`m ko`p komponentli du`zilis dizbekli qospa ga`plerdin` du`ziliw o`zgesheligin belgileydi.

Eki komponentli ha`m ko`p komponentli jay ga`plerdi baylanıstırıwshı tiykargı grammatikalıq qurallardın xızmetin dizbeklewshi da`nekerler ha`m jay ga`pler arasındag`ı ma`nilik qatnaslar atqaradı. Usı sıyaqlı grammatikalıq qurallardın` baylanıstırıw o`zgesheligine qaray, dizbekli qospa ga`pler ***ashıq du`zilisli ha`m jabık du`zilisli qospa ga`p*** bolıp ekige bo`linedi.

Qospa ga`pler ashık du`zilisli bolıp kelgende, eki, u`sh yamasa onnanda ko`p jay ga`plerden du`zilip, ma`nileri o`z-ara ten`, birgelkili bolıp keledi ha`m olardın` jay ga`plerinin` qatarına jan`a ga`pler qosıp ko`beytiwge boladı. Mısalı: Olar bazda dizilisip ju`rse, bazda u`shewi attın` basın qatarlastırıp taba quwıp ju`redi (T.Qayıpbergenov).

Bunday ga`plerdin` jay ga`plerinin qatarına jan`a ga`pler qosıp, olardın` qatarın ko`beytiwge boladı: Olar bazda dizilisip ju`rse, bazda u`shewi attın basın qatarlastırıp taba quwıp ju`redi, bazda atlar ja`ne dizilisip ju`redi.

Qospa ga`plerdin` jabık du`zilisi eki jay ga`pli bolıp, olardı qatarına jan`a ga`pler qosıp, sol du`zilisten artıq arttırıwg`a bolmaydı: Jiyemurat ja`ne kitabına u`n`ildi, biraq ko`z aldında kitap emes, tawlang`an qos burım jattı (T.Qayıpbergenov).

Bul sıyaqlı eki komponentli jabıq du`zilisli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler ten` manili bolmaydı, qarsılas, sebep t.bet ma`nilerde baylanısadı.

Qaraqalpaq tilindegi miynetlerde bolsa, bull qospa ga`ptin` ashıq ha`m jabık du`zilisli tu`rleri qaraqalpak a`debiy tilinin` faktleri tiykarında ko`rsetiledi[1].

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис, Нөкис, 1992, 425-430-бетлер;
Дәўлетов М. Қарақалпақ тилинлеги қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. Нөкис, 1993, 81-87-бетлер.

## a) KO`P PREDIKATLI JAY GA`PLER MENEN QOSPA GA`PLERDIN` BIR-BIRINEN AYIRMAShILIG`I

Ko`p predikatlı jay ga`pler bayanlawısh formalarının` bildiriliwi, intonatsiyası ha`m da`nekerler arkalı baylanısıwı jag`ınan ortak baslawıshlı dizbekli qospa ga`plerge uqsas keledi. A`sirese, jay ga`plerdin` bayanlauıshları anıqlıq meyilden bolıp, o`zine qatnaslı so`zler menen ken`eyip kelgende, bayanlawıshları sol meyil formalarında kelgen dizbekli qospa ga`plerden ajıratıuda a`dewir qıyınshılıklar ushırasadı. Sonlıqtan bull eki sintaksislik konstruktsiyanı bir-birinen ajıratıwda izertlewshiler ta`repinen ha`r tu`rli pikirler usınıladı.

N.T.Sawranbaev ortaq baslauıshlı qospa ga`pler menen ko`p predikatlı ken`eytilgen jay ga`plerdin` ayırmashılıg`ın tomendegishe bayan etedi: «Qospa ga`ptin` ha`r bir komponenti ha`r tu`rli pikir an`latıwı ha`m olardın` arasında pauza isleniwi menen birgelkili ag`zalı jay ga`plerden ayırılıp turadı» dep ko`rsetedi (Sawranbaev, 1958. - 112).

F.Kamalov ko`p predikatlı jay ga`pler menen qospa ga`plerdin` ayırmashılıg`ın bayanlawısh sostavının` ken`eyip keliw yamasa ken`eyip kelmew o`zgesheligine, baslawıshının` bolıw ha`m bolmawına qaray anıqlaydı. «Baslawıshı ulıwma ortaq ga`plerdin` bayanlawıshları bir-birine janba-jan kelse, keyingi bayanlawısh sostavsız bolıp, ol ken`eytilmese ha`m o`z aldına baslawıshına iye bolmasa, onday ga`plerdi birgelkili bayanlawıshlı jay ga`plerdin` qatarına kirgiziw mu`mkin. Al bayanlawıshları bir-birinen uzaqlasıp, keyingi bayanlawısh o`z quramındag`ı so`zler menen aldın`g`ı bayanlawıshtan o`z quramındag`ı ajratılsa, yaki sol bayanlawısh o`z aldına baslawıshına iye bolsa, bunday ga`pler qospa ga`p xarakterine iye boladı. Keyingi bayanlawısh o`zine tAn baslawısh penen ta`miyinleniwi ushın aldın`g`ı ga`ptin` baslawıshı almasıqtan basqa so`z shakaplarınan bolıwı sha`rt» dep ko`rsetedi (Kamal F., 1955, 203).

G`.A.Abdurahmanov da`nekersiz qospa ga`pler menen birgelkili ag`zalı jay ga`plerdin` ayırmashılıg`ın konkret baslawıshının` bolıwı menen

xarakterleydi. «Da`nekersiz qospa ga`plerdi du`zetug`ın ga`plerdin` ha`r qaysısı, eger olar eki sostavlı ga`p bolsa, baslawıshı bolıwı sha`rt. Ulıwmalıq (ortaq) baslawıshı bolg`an konstuktsiyalar, olar qanshama ken`eyip kelmesin, qospa ga`pti du`ze almaydı, birgelkili ag`zalı jay ga`p boladı» deydi.

Dizbekli qospa ga`p komponentlerinin` ortaq baslawıshqa iye bolıw maselesi qazak, qırg`ız, qaraqalpaq tillerindegi bir qatar oqıw kuralları ha`m izertlewlerde de so`z etiledi. Biraq bull jumıslarda dizbekli qospa ga`plerdin komponentlerinin` bir baslawıshqa ortaqlasıwı barlık jag`day birdey emes ekenligi eskertiledi.

Ko`p predikatlı jay ga`pler menen dizbekli qospa ga`plerdi qospa ga`plerdi bir-birinen ajıratıwda A.Z.Abdullaev ha`m I.X.Axmatovtın` miynetlerinde ju`da` konkret pikirler aytıladı.Bul avtorlardın` pikiri bolyınsha: «Eger birgelkili bayanlawıshlar bir baslawıshqa qatnaslı bolsa, onda ekinshi predikativlik oray payda bolmaydı. Jay ga`plerdin` birgelkili bayanlawıshları qanshama ken`eyip kelgen menen, olar jay ga`ptin` ramkasınan shıg`ıp kete almaydı. Eger olardın` ekinshi bir bayanlawıshı basqa baslawıshqa qatnaslı bolıp kelse g`ana jan`a predikativlik oray-dizbekli qospa ga`p du`ziledi» deydi (Grammatika karachaevo-balkarskogo yazıka 1976.- 520).

Bul sıyaqlı pikir bir baslawıshlı bolıp kelgen ko`p predikatlı ga`plerdi polipredikativli ga`plerden ajıratıwda bir qansha konkret sheshimge alıp keledi. Biz de o`z izertlewimizde usı sıyaqlı pikirdi na`zerde tutamız, yag`nıy ko`p predikatlı ga`pler monosub`ektli bolıp kele jay, al polisub`ektli bolıp kelse, qospa ga`p dep esaplaymız.

## I. T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» (3-KITABI) TRILOGIYASINDAG`I DIZBEKLI QOSPA GA`PLER

Qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` bir-birine g`a`rezsiz, az ara ten` ma`nili baylanısqan tu`rine dizbekli qospa ga`p delinedi. Dizbekli qospa ga`ptin` jay ga`pleri dizbeklewshi da`nekerler ha`m da`nekerlik xızmettegi sintaksislik janapaylar arqalı baylanısadı. Bul grammatikalıq qurallar arqalı baylanısqan qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler ma`nilik jaqtan o`z ara bir-birine jaqın bolg`an is-ha`reket, waqıyalardı bildiredi. Eger dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` arasında bir-birine baylanıslı ma`nilik qatnas (baylanıs) an`latılmasa, onday ga`pler bir pu`tin dizbekli qospa ga`p bola almaydı. Mısalı: Shayıqtın` bul ga`pi mag`an unamadı, biraq u`ndemedim (T. Qayıpbergenov).

Bul qospa ga`p ma`nilik jaqtan bir-birine baylanıslı is-ha`reket, waqıyalardı bildiredi.

Dizbekli qospa ga`plerdin` o`zine ta`n o`zgesheligi olar qospa ga`ptin` basqa tu`rlerinen (bag`ının`qılı ha`m da`nekersiz qospa ga`plerden) quramındag`ı jay ga`plerdi baylanıstırıwshı qurallardın` qatnasına qaray ayırılıp turadı. Sonlıqtan dizbekli qospa ga`plerdin` o`zine ta`n ayırmashılıg`ın anıqlawda baslı belgi retinde onın` jay ga`plerinin` baylanısıw usıllarına qaraladı. Dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdi tiykarg`ı baylanıstırıwshı qural xızmetin olardın` jay ga`plerinin` birna`wie pikir tıyanaqlılıg`ına iye bolıwı, dizbeklewshi da`nekerler, da`nekerlik xızmettegi sintaksislik janapaylar ha`m solar menen birge qollanılatug`ın intonatsiya atqaradı.

Qaraqalpaq tilindegi geypara izretlewler ha`m sabaqlarda ha`r bir ga`ptin` quramında ta`kararlanıp kelgen «da/de da`nekeri qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdi baylanıstırıw xızmetin atqarmaydı, al ga`ptegi so`zlerdi o`z ara baylanıstıradı» dep ko`rsetiledi.[n`w] Bul orında da/de da`nekerinin` eki xızmetti-da`nekerlik ha`m janapaylıq xızmetlerdi atqaratug`ını esapqa alınbag`an. Da/de

ko`mekshi so`zi da`nekerlik xızmeti menen qatar, sintaksislik janapaylıq xızmetti de atqaradı. Bul da`neker dizbekli qospa ga`ptin` quramında jay ga`plerdegi ayırım so`zlerge ku`sheytiwshilik janapaylıq xızmet ju`klewi menen qatar, jay ga`plerge de birna`wie tıyanaqlıq ma`ni berip, olardı o`z ara baylanıstıradı. Sonlıqtan bunday ga`plerdi da`nekersiz mezgilles dizbekli qospa ga`p dep qarawg`a bolmaydı.

Da`nekerli qospa ga`pler baylanısıw o`zgesheligi ha`m olardın` quramındag`ı jay ga`plerdin` ma`nilik qatnaslarına qaray: 1) biriktiriwshi dizbekli qospa ga`p; 2) qarsılas dizbekli qospa ga`p; 3) awıspalı dizbekli qospa ga`p; 4) gezekles dizbekli qospa ga`p; 5) salıstırmalı dizbekli qospa ga`p sıyaqlı semantikalıq tu`rlerge bo`linedi. Olardın` semantikalıq bo`liniwi barlıq jag`dayda dizbeklewshi da`nekerlerdin` semantikalıq tu`rlerine tikkeley qatnaslı bolmay, quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyalarının` ma`nilik jaqtan o`z ara jaqınlıq, ma`niles bolıp keliwine de baylanıslı bolıp keledi. Olardın` ma`nileri jay ga`pler arasındag`ı da`nekerlerdi alıp taslap aytqanda da, sol ma`niden pu`tkilley uzaqlasıp ketpeydi. Da`nekerler sol qospa ga`ptin` jay ga`plerin baylanıstırıwda ku`sheytiwshilik, anıqlawshı qosımsha xızmetti atqaradı. Sol da`nekerlerdin` qatnasına qaray biraz anıqlıqqa iye bolıp, qospa ga`ptin` da`nekersiz tu`rine qarag`anda da`nekerli tu`rinin` tıg`ız baylanıslılıg`ın ko`rsetedi. Mısalı: Bug`an o`zleri u`nsiz mıyıq tartıp ku`listi (de), balanın` basınan ekewi ten` sıypap sa`lemlesti (T. Qayıpbergenov).

Dizbekli qospa ga`plerdi da`nekerlerdin` bir tu`rinin` qatnası arqalı du`ziliwine qaray, sol da`nekerdin` atı menen ma`nisin sheklep taslawg`a bolmaydı. Dizbekli qospa ga`ptin` semantiklıq bo`liniwi dizbekli da`nekerlerdin` tu`rlerine qarag`anda a`dewir ken`. Ma`selen, al da`nekeri biriktiriwshi da`nekerdin` quramına kirgen menen, dizbekli qospa ga`ptin` jay ga`plerin baylanıstırıwda biriktiriwshi qatnas beriw menen qatar, qarsılaslıq ha`m salıstırmalıq qatnas ta bildiredi.

## 1.1. BIRIKTIRIWSHI DIZBEKLI QOSPA GA`P

Biriktiriwshi dizbekli qospa ga`ptin` bul tu`ri da/de (ta/te) ha`m, ja`ne, tag`ı, tag`ı da, al sıyaqlı biriktiriwshi da`nekerler arqalı baylanısadı. Biriktiriwshi da`nekerler arqalı baylanısqan dizbekli qospa ga`plerdin` komponentleri ma`nilik jaqtan is-ha`reket, waqıyaları bir waqıtlı ha`i izbe-izli islengen waqıtlıq (mezgilleslik) qatnaslardı bildiredi. Dizbekli qospa ga`ptin` bul tu`rin du`ziwshi da`nekerler ma`nileri bir-birine jaqın bolg`an meen, jay ga`plerdi bir pu`tin qospa ga`pke biriktiriwde ha`r qaysısının` o`zine ta`n ma`ni ha`m qollanılıw o`zgeshelikleri bar.

## 1.2. QARSILAS DIZBEKLI QOSPA GA`P

Qospa ga`ptin` jay ga`plerinin` birlaq, lekin, sonda da, solay da, so`ytse de, degen menen, al da`nekerleri ha`m tek, qalay da, a`tten`, bolmasa t.bet sıyaqlı da`neker ha`m da`nekerlik xızmettegi so`zler arqalı baylanısqan tu`rleri qarsılas dizbekli qospa ga`pti du`zedi. Bul da`nekerler arqalı baylanısqan dizbekli qospa ga`pler eki komponentli bolıp, tiykarınan, jabıq du`zilisli bolıp keledi. Mısalı: 1. Shıjg`ırg`an ıssı, lekin awıl arası tınımsız. Qazan-tabaq, to`sek ornı joq, biraq ha`mme jerge do`n`gelene kiyiz to`selgen (T.Qayıpbergenov). 2. Shayıqtın` bul ga`pi Mamang`a unadı, biraq u`ndemedi (T.Qayıpbergenov). 3. Ataların`nın` su`yeneri joq, sonda da, tas ju`reklilik etkisi keledi (T.Qayıpbergenov). 4. Xang`a bu`ytip til tiygizetug`ın Xiywalı biydi ko`rmegen Asqar biydin` ju`regi suwlap, abaysızda birew en`sesine qoyıp salg`anday pa`ti qaytıp jım boldı, so`ytse de kewli toq (T.Qayıpbergenov). 5. Bektemirler bul biydaydın` qosqa kirip turıp jetiletug`ının qızg`andı, degen menen Maman biyge ilaj ete almadı. Qon`ıratlılar jigirma atlı bolıp keldi, ne degen menen xan la`shkerleri saylawlı edi, olar hesh kimnin` duw-sıyına qaramadı (T.Qayıpbergenov). 6. Atızınan bir-eki iyt tu`ynek shıqqanı menen hasıldar bag`mandı gu`na`karlaw a`dillikke jatpaydı, qa`ytken menen xan qattı g`a`zeplendi. Hesh kim men bilemen demedi, qaytama quwanısıp o`rre-o`rre turıp dalag`a shıqtı (T.Qayıpbergenov). 7. Qonıp ketsek-a`m bolar edi, a`tten` bulkara suwıqlıq qıladı (T.Qayıpbergenov). 8. Bazıları jadırap, Ernazar Alako`z aldına jayg`an «ahidnamag`a» ap-an`sat qol

basıp, mo`r saldı da, ja`ne birazları qabag`ın qarıs jawıp a`bden qıynaydı (T.Qayıpbergenov).

## 1.3. SALISTIRMALI DIZBEKLI QOSPA GA`P

Dizbekli qospa ga`ptin` bul tu`rin al da`nekeri arqalı baylanısqan jay ga`plerdin` dizbegi du`zedi.

Al da`nekeri arqalı baylanısqan dizbekli qospa ga`p salıstırmalı ma`ni bildirip kelgende, olardın` jay ga`plerinen an`lasılg`an is-ha`reket, waqıyalar o`z ara salıstırıladı. Bul jag`dayda dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler mazmunı jag`ınan bir-biri menen antonimlik sıpatqa iye boladı: Ata-anası jarlı qusaydı, al kelin bala miynet su`ygish, kishi peyil qız eken. Adam o`miri waqıt saatı menen bilinse, al waqtımız saat tili menen belgilenedi (T.Qayıpbergenov).

## 1.4. AWISPALI DIZBEKLI QOSPA GA`P

Awıspalı dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler ya, yaki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, ne, a`lle t.bet awıspalı da`nekerler arqalı baylanısıp, dizbekli qospa ga`pti du`zedi. Bul da`nekerler arqalı baylanısqan dizbekli qospa ga`ptin` jay ga`plerinin` is-ha`reket, waqıyaları birinde bolmasa ekinshisinde iske asatug`ın awıspalılıqtı bildiredi:

1. Ya, yaki yamasa da`nekerleri ko`p komponentli dizbekli qospa ga`plerdin` ha`r bir komponentinde ta`kirarlanıp kelip, ashıq du`zilisli dizbekli qospa ga`pti du`zedi: Endi ya sol Maman o`ledi, ya Esengeldi o`ledi (T.Qayıpbergenov).

## 1.5. GEZEKLES DIZBEKLI QOSPA GA`P

Gezekles dizbekli qospa ga`ptin` jay ga`plerin, tiykarınan, birese, birde, bazda, ga`, ga`hi, ga`de, geyde t.bet gezekles da`nekerleri baylanıstıradı. Bul da`nekerlerdin` qatnasındag`ı dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyaları o`z ara gezlesip islengenlikti bildiredi. Gezekleslik ma`ni bildiriwshi da`nekerlerde dizbekli qospa ga`ptin` komponentleri arasında, ko`binese tiykarlanıp qollanılıp, qospa ga`ptin` ashıq du`zilisin du`zedi.

Birese, birde, bazda da`nekerleri ma`nilik jaqtan bir-birine ku`ta` jaqın, bir ma`nide keledi. Sonlıqtan olar birinin` ornınaekinshisin almastırıp qollana beriwge boladı: Hawa rayı ku`nine qırq qubıladı: birde quyash ko`rinip aynalanı ısıtadı, birde silpilegen jawın burshaqlı qarg`a ulasadı. Hawa rayı birde tu`neredi, birde jadıraydı, birde no`ser jawın tamshılaydı, gey ku`nleri aynala tazarıp, na`pes alıw ken`eyedi, gey ku`nleri Qaraqum jaqtan shan`g`ıt ko`terilip, ko`z ashtırmaydı (T.Qayıpbergenov).

## 1.6. AYIRIW DIZBEKLI QOSPA GA`P

Ayırıw dizbekli qospa ga`p da`nekerlik xızmettegi ha`tte, ha`tteki ko`mekshi so`zleri arqalı du`ziledi. Bul ko`mekshi so`zleri arqalı baylanısqan dizbkli qospa ga`ptin` da`slepki jay ga`pinen son`g`ı jay ga`p ayırımlanıp, bo`liniw, shekleniwshilik ma`ni an`latadı. Mısalı: Gu`lziyba ulının` qay waqıtda da a`kesi jo`ninde shınlıqtı biletug`ınına isenedi, ha`tteki ol er jetip, o`mirdin` bardı-keldisine tu`sinetug`ın bolg`an gezde sır bu`kpey shının aytıw o`zinin` tiykarg`ı maqseti (T.Qayıpbergenov).

## 1.7. DIZBEKLI QOSPA GA`PLERDIN` ASHIQ HA`M JABIQ DU`ZILISLI TU`RLERI

Dizbekli qospa ga`pler eki, u`sh ha`m onnan da ko`p jay ga`plerdin` sintaksislik baylanısınan du`zilip, eki komponentli ha`m ko`p komponentli bolıp qollanıladı. Eki komponentli ha`m ko`p komponentli du`zilis dizbekli qospa ga`plerdin` du`ziliw o`zgesheligin belgileydi.

Eki komponentli ha`m ko`p komponentli jay ga`plerdi baylanıstırıwshı tiykarg`ı grammatikalıq qurallardın` xızmetin dizbeklewshi da`nekerler ha`m jay ga`pler arasındag`ı ma`nilik qatnaslar atqaradı. Usı sıyaqlı grammatikalıq qurallardın` baylanıstırıw o`zgesheligine qaray, dizbekli qospa ga`pler ashıq du`zilisli ha`m jabıq du`zilisli qospa ga`p bolıp ekige bo`linedi.

Qospa ga`pler ashıq du`zilisli bolıp kelgende, eki, u`sh yamasa onnanda ko`p jay ga`plerden du`zilip, ma`nileri o`z ara ten`, birgelkili bolıp keledi ha`m olardın` jay ga`plerinin` qatarına jan`a ga`pler qosıp ko`beytiwge boladı.

Mısalı: Olar bazda du`zilisip ju`rse, bazda u`shewi attın` basın qatarlastırıp taba quwıp ju`redi (T.Qayıpbergenov).

Qospa ga`plerdin` jabıq du`zilisi eki jay ga`pli bolıp, olardın` qatarına jan`a ga`pler qosıp, sol du`zilisten artıq arttırıwg`a bolmaydı: Jiyemurat ja`ne kitabına u`n`ildi, biraq ko`z aldında kitap emes, tawlang`an qos burım jatı (T.Qayıpbergenov).

## 1.8. ASHIQ DU`ZILISLI DIZBEKLI QOSPA GA`P

Dizbekli qospa ga`pler ashıq du`zilisli bolıp kelgende, eki, u`sh yamasa onnan da ko`p jay ga`plerden du`zilip, ma`nileri ten` birgelkili bolıp keledi. Ashıq du`zilisli dizbekli qospa ga`pti du`ziwshi grammatikalıq qural xızmetin biriktiriwshi, awıspalı, gezekles da`nekerler ha`m jay ga`pler arasındag`ı ma`nilik qatnaslar atqaradı. Olardın` qatnasında du`zilgen ashıq du`zilisli qospa ga`plerdin` jay ga`plerinin` bayanlawıshı, ko`binese birgelkili formada keledi ha`m jay ga`pler arasındag`ı ma`nilik qatnaslarda ten` ma`nili, birgelkilikti bildiredi.

Ashıq du`zilisli dizbekli qospa ga`plerdin` du`ziliwi ushın to`mendegi dizbeklewshi da`nekerler qatnasadı:

1. da/de (ta/te) da`nekerleri dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` ha`r biri menen ta`kirarlanıp kelip ashıq du`zilisti du`zedi ha`m ma`nilik jaqtan jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyalarının` isleniwi bir waqıtlı ha`m izbe-izli mezgilleslikti bildiredi:

A`lle oyın oynawdı na`she ete me, a`lle ishtegi sırın sırtqa shıg`arg`ısı kele me, a`ytewir ol bir maydannın` ishinde ku`ydim-jandım bolıp qaladı (T.Qayıpbergenov).

2. Ga`, geyde, birese, birde, bazda t.bet gezekles da`nekerleri dizbekli qospa ga`ptin` ha`r bir jay ga`pi menen ta`kirarlanıp keliwi arqalı ashıq qatarlı dizbekli qospa ga`p du`ziledi: Ol geyde shashın tsilindr qıladı, geyde o`zi rusalka boladı, geyde eki tal shashın qasının` u`stine kekil etip tu`sirip, basqasın bir burım etip o`redi (T.Qayıpbergenov).

## 1.9. JABIQ DU`ZILISLI DIZBEKLI QOSPA GA`P

Dizbekli qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` qatarın jan`a ga`pler qosıp ken`eytiwge bolmaytug`ın tu`ri jabıq du`zilisli qospa ga`pti du`zedi. Jabıq qatarlı qospa ga`ptin` du`ziliwi ushın da da`nekerler qatnasadı.

Jabıq du`zilisli qospa ga`pler to`mendegi dizbeklewshi da`nekerdin` qatnası arqalı du`ziledi:

1. Biraq, lekin, sonda da, al t.bet qarsılas da`nekerler eki komponentli ha`m ko`p komponentli dizbekli qospa ga`pti baylanıstırıp, jabıq qatardı du`zedi. Bul da`nekerler qospa ga`ptin` jay ga`plerinin` arasında ta`kirarlanıp qollanılmaydı: Qar quptang`a deyin tınbadı, biraq waqıt uttırmaw ushın tan` ata atlandı (T.Qayıpbergenov).

2. Awıspalı ya, yamasa, yaki, bolmasa t.bet da`nekerler qospa ga`ptin` quramındag`ı ha`r bir jay ga`p penen qaytalanbay, tek eki jay ga`ptin` arasın baylanıstırıp kelgende, jabıq qatardı du`zedi: Siz jas u`lken bolg`anın`ız ushın o`zin`di o`zin`iz erterek tu`sinipsiz, yaki ko`p jasag`an baban`ız tu`sindirdi me? (T.Qayıpbergenov).

3. Ga, birde, birese, bazda t.bet da`nekerler arqalı dizbekli qospa ga`plerdin` jabıq qatarı du`ziledi. Bul da`nekerler de jabıq qatardı du`zip kelgende, eki komponentli dizbekli qospa ga`plerdi baylanıstıradı: Olardın` bizlerden bir kemisi gazeta-jurnallarg`a jarımaydı, Ziyada bizin` u`yge sorap keledi, bazda oqıp bolg`anlarımdı o`zim aparıp beremen (T.Qayıpbergenov).

## II. JIYNALG`AN MISALLAR

1. Ernazar ag`a biy o`zgelerden bo`legirek shig`ip, aýildin` tu`ngi ko`rinisine keýilsizlik penen qarap oyg`a shu`mip otir edi, misli jerden ko`gergendey, qarsi aldinda tayaqtay qaqayip bireý payda boldi. (350-bet). 2. Jasaýillar, sizler usika`rag`a Sha`rip mollani jetkeresiz, ta`nha` o`zim jazalayman. (349-bet) 3. Eki du`rreshi bo`lip ursin, toqqizin bala Ernazar uradi. (349-bet). 4. Ku`n aýa aýilg`a jen endi, jan-jaqtan kiyatirg`an atlilar ko`rine basladi. (337-bet). 5. Qusxananin` tu`bindegi ko`lden baliq ju`də ko`p shig`ip atir, həzir qamis sayin bir adam ju`ripti desem lap emes. (348-bet). 6. Meni jurt Ma`wlen qa`ndekli deydi, bug`an onsha qarsi bolmadim, irasinda da geypara jama-ja`wtik ag`ayinlerdin` kewline gu`ptikey ku`lmesin dep ju`rippen. (341-bet). 7. Qiz u`kesin ertip a`kelgen edi, «ag`a biyge» ash-ariq jetimlerdi qosip abiroyin to`ge almaymiz dep, qaytarip jiberdim. (343-bet). 8. Xan o`z ornina shig`ip alaqanlarin bir-birine urdi, ha`mme daýil jiqqan qamistay japirilip orinlarina saqqa-saqqa ju`ginisti. (354-bet). 9. Ol o`z uriýinan ortasha hali bar Shon`qi degen jigit edi, ele sharshag`ani basilmag`an Ag`a biydin` ko`zleri gireýlenip tanimadi... (350-bet) . 10. Jaylasqan eki eldi jarastiriý ushin inglisler la`shker a`kelgen, sol inglis la`shkerinin` basshisina mu`ra`jat qilin`iz. (356-bet). 11. Hamal, ataq o`zim ushin kerek emes, sol jaman ag`ayinlerge azmaz kereklew qusaydi. (341-bet). 12. Hindstan arqali bir dərýish kelgen eken, Buxara həmiri onnan shubhalanip, izine adam salipti, ol inglis jansizi bolip shig`ipti. (347-bet). 13. Xang`a qarsi Xiywanin` ishinde de, Shabbaz o`zbekleri arasinda da jasirin toparlar bar deydi, biraq anig`in jetik biliýge mu`mkinshilikler kem boldi. (347-bet). 14. Endi ka`ramatli Xiywadan da`ramat alip ketsek, xanimiz Kenesari o`zin ju`də baxitli dep esaplaydi. (354-bet). 15. Qasimnin` qulag`i kesilsin, oni Ma`dreyim kessin. (349-bet). 16. Insan og`an gilt bolip tuwiladi, kim ashti, kimi ashilmadi, buni o`zleri de aniq bilmeydi, biraq ha`r qaysisi «men g`ana aship ju`rippen» degen oyg`a o`zin isendirip jasaydi, o`ytpegende, o`mir su`riw

ku`ta` mu`shkilli. (331-bet). 17. Bir basqa bir o`lim bar, onnan qaship qutiliw joq, biraq xalqim ushin jaqsi-jaqsi niyetlerim bar, sol ushin jasag`im keledi. (333-bet). 18. Ot jaqqishti ha`r ziyapattin iyesi tabadi, endigi gezek bala Ernazardiki, sog`an jolig`a g`oy. (350-bet)

## JUWMAQ

Jurtbasshımız I.A.Karimov o`zinin` «Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» minetinde «O`zlikti an`law, milliy sana ha`m oy-pikirdin` ko`rinisi a`wladlar ortasındag`ı ruwxıy-ma`nawiy baylanıs til arqalı ko`rinetug`ınlıg`ı ma`lim. Barlıq iygilikli pazıyletler insan qa`lbine, en` a`wele anna ha`yyiwi, anna tilinin` ta`kirarlanbas gozzallıg`ı menen sin`edi. Ana tili-bul millettin` ruwxı»[1]-dep atap ko`rsetken edi.

Ullı ag`artıwshı babamız Abdulla Avloniydin` so`zleri menen aytqanda, «Ha`r bir millettin` du`n`yada barlıg`ın ko`rsetetug`ın turmıs aynası til ha`m a`debiyatıdur. Milliy tildi jog`altıw millettin` ruwxın jog`altıwdur».

Keyingi jıllarda qaraqalpak tilinin` leksikalıq ha`m grammatikalıq kurılısı a`dewir rawajlandı. Menin` bul pa`n boyınsha jazg`an kurs jumısımnın` teması T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» (3-kitabı) trilogiyasındag`ı dizbekli qospa ga`pler». Bul kurs jumıstı jazıwda men ko`p g`ana a`debiyatlardı ko`rip shıg`ıp, «Qaraqalpaq da`stanı» trilogiyasındag`ı dizbekli qospa ga`plerdi jıynap shıqtım ha`m qospa ga`pler quramındag`ı jay ga`plerdin` qalay baylanısqanın u`yrenip shıqtım.

Ulıwma, juwmaqlap aytqanda, XX a`sirdin` en` ko`rnekli jazıwshılarının` biri T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» atlı trilogiyası mag`an ju`da` unadı. Sebebi, bul shıg`armadag`ı qospa ga`pler sonday sheber qollanılg`an, bul, a`lbette, jazıwshının` sheberligi. Al, elimizde bunday jazıwshılarımızdın` barlıg`ı bizlerdin` milliy maqtanıshımız.

[1] И.А.Каримов. Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш. Ташкент, «Мәнаўият», 2008. 83-бет.

# PAYDALANI`LG`AN A`DEBIYaTLAR:

1. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият-жеңилмес кўш. Ташкент, 2008.

2. Аўезов М. Ҳәзирги дәўир қарақалпак тилинде бағыныңқылы гәплер ҳәм олардың структурасы. Нөкис, 1972.

3. Бекбергенов А., Пахратдинов Қ. Қарақалпақ тилин изертлеўшилер (биобиблиографиялық очерклер). Нөкис, 2000.

4. Даўенов Е. Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис. 1994.

5. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилинде қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. Нөкис, 1993.

6. Dawletov A., Dawletov M., Qudaybergenov M. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. Sintaksis. No`kis «Bilim» 2009-жыл.

7. Dawletov M., Seydullaeva D. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde qospa ga`pler. No`kis, 2010.

8. Нажимов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. (практикум қолланба) Синтаксис. Нөкис, 1986.

9. Махмудов Н. Өзбек тилининг назарий грамматикаси. Синтаксис. Тошкент. 1995.

10. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис. Нөкис, 1992.

11. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. Нөкис, 1996.